



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON SOU PYE POU YON NOUVO
LABORATWA SANTE PIBLIK KI KOUTE 1.7 MILYA DOLA**

***Nouvo laboratwa Sant Wadsworth Depatman Sante a pral amelyore preparasyon
Eta a pou reponn ak kriz sante piblik yo***

***Eta a pibliye reprezantasyon grafik yo k ap devwale konsepsyon dènnye kri fiti
laboratwa a***

Laboratwa prevwa fini an 2030

***Sant Wadsworth la vin tounen pi gwo laboratwa sante piblik eta a ki gen plis
divèsite nan peyi a, pou pwoteje sante Nouyòkè yo ak kominote odela fwontyè eta
yo***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke konstriksyon laboratwa sante piblik dènnye kri a, ki evalye a 1.7 milya dola, kòmanse ofisyèlman. Laboratwa sa a pral transfòme kapasite Nouyòk pou detekte, anpeche, epi reponn ak menas emèjan yo. Nouvo etablisman Sant Wadsworth la pral konsolide senk sit ki pa konekte atravè zòn Greater Albany an nan yon sèl etablisman modèn, sa ki pral ranfòse kapasite Eta a pou reponn yon fason efikas ak menas sante piblik alavni, sipòte pwochen jenerasyon syantis yo, epi bay opòtinite pou kolaborasyon atravè peyi a. Yo prevwa etablisman an ap fin konplete an 2030. Depi 1901, Sant Wadsworth la grandi pou l vin pi gwo laboratwa sante piblik eta a ki gen plis divèsite nan peyi a.

"Nouvo Laboratwa Sant Wadsworth la se yon gwo envestisman nan sante chak moun nan Eta Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Laboratwa a pral pèmèt Eta a pi byen predi epi prepare pou menas emèjan yo pou sante piblik la epi li pral youn nan laboratwa sante piblik ki gen plis otorite nan peyi a, k ap gen enpak sou politik ak pratik sante piblik nan nivo eta a, nasyonal ak entènasyonal."

Komisè Depatman Sante Eta Nouyòk la (Department of Health), Doktè James McDonald, te deklare, "Nouvo Laboratwa Sant Wadsworth Depatman Sante a se yon temwayaj angajman Gouvènè Hochul pou pwoteje sante piblik la lè li kenbe Eta Nouyòk nan premye liy pwogrè nan siveyans maladi. Enstalasyon sa a pral ede nou asire laboratwa rechèch sou sante piblik nou an, ki se lidè nan peyi a, rete nan dènnye kri rechèch byomedikal ak anviwònman an, ki enpòtan pou pwoteje sante piblik la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta Nouyòk la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "DASNY fyè pou l delivre pwojè transfòmasyon 1.7 milya dola sa a pou Depatman Sante a. Antanke otorite konstriksyon ak finansman eta a, nou angaje pou nou bati enfrastrikti ki pral sèvi Nouyòkè yo pou plizyè jenerasyon k ap vini yo. Sa a reprezante youn nan pwojè laboratwa sante piblik ki pi enpòtan nan peyi a, epi ekip nou an ap travay sere ak patnè konsepsyon-konstriksyon nou yo pou asire ke Sant Wadsworth la resevwa yon etablisman klas mondyal ki merite misyon syantifik renome li a. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou vizyon ak angajman li anvè investisman enpòtan sa a nan enfrastrikti sante piblik Nouyòk la."

Jodi a, Sant Wadsworth la kanpe nan premye liy inovasyon an, li pwoteje sante Nouyòkè yo ak kominote yo menm odela fwontyè Eta a. Sant lan rekonèt pa CDC la ak lòt ajans federal yo kòm yon sant referans nasyonal pou yon pakèt maladi enfeksyon, danje anviwònmanal, ak menas toksikolojik.

Sant Wadsworth la pral sitiye sou Kanpis W. Averell Harriman nan Albany, epi li pral ankouraje yon kolaborasyon pi sere avèk kanpis Inivèsite SUNY nan Albany ki toupre a, pandan l ap bati sou patenarya akademik ki date depi mitan ane 1980 yo, ansanm ak Laboratwa Manje Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk ki toupre a. Laboratwa a pral loje prèske 800 anplwaye epi li fèt pou adapte ak bezwen k ap chanje pandan tout dire lavi li, avèk yon gwo anfas sou enèji, efikasite ak dirabilite.

Ekip konsepsyon-konstriksyon an se yon antrepriz konjwen ant Gilbane Building Company ak Turner Construction Company, an asosyasyon avèk achitèk HOK. [Konsepsyon pou nouvo laboratwa a](#) ekip la montre yon laboratwa senk etaj, ki gen yon sifas brit ki mezire 61,595 mètr kare (663,000 pye kare).

Sant Wadsworth la dirije yon pakèt pwogram k ap mennen nan peyi a epi ki fè Nouyòk yon modèl pou laboratwa sante piblik nan tout peyi a. Ansanm, pwogram sa yo te pouse inovasyon, ranfòse preparasyon, epi pwoteje kominote yo kont menas emèjan yo.

- **Repons Ijans Sante Piblik:** Dirije deteksyon ak siveyans epidemi polyovirus 2022 a, ki gen ladan idantifikasyon premye ka polio paralitik nan Etazini.
- **Siveyans ak Dyagnostik Dlo Ize:** Sèvi kòm prensipal laboratwa siveyans dlo ize nan Eta Nouyòk pou deteksyon patojèn emèjan ak rezistans antimikwòb.
- **Lidèchip Sante Anviwònmanal:** Fonksyone kòm laboratwa prensipal Eta a pou Lwa sou Dlo Potab ki an sekirite epi yon lidè nasyonal nan deteksyon, siveyans ak rapò.
- **Filyè Tès Dyagnostik Inovan:** Devlopman dyagnostik Sant lan depase CDC a nan domèn tès pou tibèkiloz, varyòl, ak grip.
- **Pwogram Depistaj pou Tibebe ki Fenk Fèt:** Avanse depistaj tibebe ki fèk fèt pou plis pase 210,000 tibebe chak ane pou plis pase 50 maladi, sa ki pèmèt dyagnostik preliminè ak swen ki ka sove lavi.

- **Pwogram Regilasyon ak Sipèvizyon:** Fikse epi aplike estanda laboratwa ki solid nan tout eta a, depase egzijans federal yo epi sèvi kòm yon modèl nasyonal.

Sant Wadsworth la ap selebre 125èm anivèsè li ane sa a. Nouvo laboratwa a pral pote eritaj fyè sa a pi devan, pou asire ke Sant Wadsworth la rete yon enstitisyon sante piblik klas mondyal k ap sèvi Eta Nouyòk ak lòt kote pou jenerasyon k ap vini yo.

Senatè Eta Patricia Fahy te deklare, "Pandan dis dènye ane yo, mwen te defann rekonstriksyon ak konsolidasyon Laboratwa Sante Piblik Wadsworth la, epi mwen felisite Gouvènè a pou sipò li bay investisman sa a, ki pral pèmèt nou reprann estati laboratwa sa a nan nivo mondyal. Investisman 1.7 milya dola sa a nan yon Laboratwa Sante Piblik dènye kri pou Nouyòk se pi gwo investisman piblik nan Rejyon Kapital la depi plizyè deseni epi li ta dwe fèt pou asire yon efè miltiplikatè pozitif pou Albany, baz fiskal li, komès an detay, ak investisman komèsyal ki gen rapò ak li. Mwen anvè travay avèk Gouvènè a ak ekip li a nan kad efò pou atire yon mendèv 21èm syè, pou asire ke n ap kreye enpak miltiplikatè pozitif, epi finalman rekonekte yon Kanpis Harriman izole grasa devlopman yon plan direktè pou redevlopman tout Kanpis la."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Laboratwa Wadsworth se yon lidè mondyal nan sa ki konsène rechèch ak sante piblik e li te yon resous fòmèdab pou Rejyon Kapital la, ak odela. Se poutèt sa mwen te travay ak kòlèg mwen yo pou asire ke nouvo Laboratwa Wadsworth ki elaji a rete isit la nan Rejyon Kapital la. Antanke pwofesyonèl swen sante, mwen apresye angajman ak investisman nan nouvo Laboratwa Wadsworth nan Kanpis Harriman lan. Kounye a, plis pase avan, Nouyòk dwe kontinye rete yon lidè sou bò sante piblik la. Mèsi Gouvènè Hochul ak Depatman Sante Eta Nouyòk pou lidèchip yo, epi mwen fyè dèske mwen genyen e m ap kontinye sipòte gwo sant rechèch sa a, ki se yon pati enpòtan nan ekonomi nou an isit la nan Rejyon Kapital la tou."

Manm Asanble Amy Paulin, te deklare, "Nouvo laboratwa Wadsworth la pral ede Nouyòk ak peyi a ede fè fas ak menas sante piblik emèjan yo kounye a ak alavni. Nouvo etablisman sa a pral pèmèt Nouyòk pran devan nan peyi a nan preparasyon sante piblik pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm asanble Gabriella A. Romero te deklare, "Investisman 1.7 milya dola sa a nan yon nouvo Sant Wadsworth dènye kri se yon bèl opòtinite pou Albany epi li pral pèmèt Eta Nouyòk kontinye dirije nan syans, inovasyon ak sante piblik. Avèk konsolidasyon Wadsworth sa a nan yon sèl laboratwa klas mondyal sou Kanpis Harriman ki ede amelyore preparasyon sante piblik Nouyòk la, li enpòtan pou nou kreye yon espas ki ka atire epi kenbe yon mendèv solid isit la menm nan Rejyon Kapital la. Mwen fyè pou m ap travay ansanm ak Senatè Fahy pou asire yo modènize epi re-imagine Kanpis Harriman lan kòm yon vrè resous kominotè ki estimile benefis ekonomik alontèm pou Albany san gaspiye espas. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li bay investisman istorik sa a nan vil nou an epi mwen ap tann ak enpasyans devlopman pwojè enpòtan sa a."

Chèf Egzekitif Konte Albany Daniel P. McCoy te deklare, "Senplifikasyon, modènizasyon ak konsolidasyon se eleman kle pou kenbe Nouyòk alatèt lè n ap pale de pwoteksyon sante piblik kont menas emèjan yo. Fè tout bagay sa yo sou Kanpis Harriman lan, mennen prèske 800 moun nan yon sèl etablisman sa a epi konsantre sou dirabilite, enèji ak efikasite se gwo viktwa non sèlman pou eta a, men tou pou Konte Albany. Kòmansman konstriksyon an se premye etap la."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)